

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang

Salah sahiji hal anu teu bisa leupas tina kahirupan manusa salaku mahluk individu jeung sosial nya éta basa. Basa mangrupa média pikeun komunikasi papada manusa dina ngébréhkeun rupaning rasa, eusi haté, kahayang, ide, pikiran, ogé gagasan-gagasanna. Cindekna mah basa téh nya éta sistem lambang omongan nu dihasilkeun ku pakakas ucap manusa, kalawan puguh éntép seureuhna (sistematis), tur ragam (konvensional), antar anggota masarakatna pikeun tujuan patali marga atawa komunikasi (Sudaryat, 2004: 6). Salian ti bisa diébréhkeun dina wangun lisan jeung tulisan, basa ogé bisa diébréhkeun dina wangun basa tanda jeung isarat.

Minangka alat komunikasi, basa ogé sok dipatalikeun jeung sastra. Tinangtu dua hal ieu téh raket pisan patalina, silih deudeul jeung mangaruhan. Sastra mangrupa ébréhan éstétis manusa anu diébréhkeun dina wangun basa, boh sacara lisan boh tulisan. Jacob Sumardjo jeung Saini K.M. boga sawangan yén sastra téh nya éta ébréhan pribadi manusa anu mangrupa pangalaman, pamikiran, rasa, ide, jeung kayakinan dina hiji wangun gambaran konkrit, nu ngahudang rasa ngaliwatan média basa (1986: 3). Hartina basa miboga kalungguhan nu mandiri dina sastra.

Hal éta luyu jeung pamadegan Jamaluddin (2003: 69) anu nandeskeun yén:

Bahasa dan sastra merupakan dua sisi mata uang yang harus dipandang secara integral. Bahasa telah diakui sebagai sarana terpenting bagi manusia dalam rangka berkomunikasi dengan sesamanya, sebagai media interaksi sosial. Sastra tak pernah lahir tanpa bahasa, sebaliknya bahasa akan terasa gersang tanpa sentuhan sastra. Namun demikian, jelas bahwa antara keduanya memiliki batas-batas perbedaan.

Sastra hirup jeung mekar sabab ayana éksisténsi manusa salaku mahluk nu miboga akal jeung pikiran, sedengkeun éksisténsi manusa bisa dipangaruhan ku

sastra anu ngaguar réalitas kahirupan di masarakat téa. Sastra bisa digunakeun salaku sarana hiburan nu nimbulkeun rupa-rupa rasa, saperti bungah, sedih, kesel, jeung ambek. Salian ti éta, sastra bisa dijadikeun eunteung pikeun manusa dina ngalakonan hirupna, sabab réa sastra nu eusina ngagambarkeun potrét réalitas kahirupan manusa di masarakat. Karya sastra nya éta produk sosial, hartina mangrupa hasil réka cipta manusa dina ngulinkeun imajina salaku anggota masarakat. Éta karya sastra nu diciptakeunna téh mangrupa rékaan, tapi teu saeutik ogé anu dumasar kana kajadian nyata, atawa gambaran kahirupan sosial masarakat sabudeureunana.

Nilik kana wangunna, karya sastra Sunda téh bisa dibagi jadi tilu golongan, nya éta puisi, prosa, jeung drama nu sumebarna boh sacara lisan boh tulisan. Salah sahiji karya sastra wangun prosa nu sumebarna sacara lisan téh nya éta dongéng. Hal ieu luyu jeung pamadegan Iskandarwassid (2003: 32) nu nétélakeun yén anu dimaksud dongéng téh, nya éta salah sahiji golongan carita dina wangun prosa (lancaran). Sakapeung mah sok kaselapan bagian anu dikawihkeun, umumna parondok, diwariskeun sacara turun-tumurun jeung sumebarna sacara lisan, tur kajadian caritana sakapeung sok karasa pamohalan.

Tokoh-tokohna, jalan caritana, ogé latarna sakapeung mah hésé ditarima ku akal. Ilaharna dongéng téh sumebarna henteu sarua ti unggal daérah. Dongéng téh kaasup karya balaréa, sabab tara kanyahoan saha nu ngarangna (anonim). Hiji dongéng bisa mibanda rupa-rupa versi. Anu jadi marga lantaran mah, éta dongéng téh sumebar ti hiji jalma tuluy didongéngkeun deui ka jalma séjén sacara tatalépa, antukna éta dongéng téh jadi ciptaan jeung milik balaréa.

Sakumaha nu ditétélakeun ku Ruhaliah (2002: 87) yén dumasar kana cara nepikeunana, mimitina mah dongéng téh gelar dina basa lisan. Lantaran gelarna sacara lisan atawa tatalépa téa, sipat karya sastra lisan saperti dongéng mah biasana sok robah, leungit, tur babari dipopohokeun. Ku kituna, dina pangajaran basa Sunda di sakola téh perlu diajarkeun ogé ngeunaan sastra, utamana ngeunaan pangajaran dongéng, minangka salah sahiji wangun karya sastra lisan Sunda. Nepikeun dongéng ka para siswa ogé bisa jadi salasahiji tarékah ngawanohkeun budaya karuhun, nu sumebar di masarakat ka generasi ngora.

Emah Rohimah, 2013

Ajén Moral Dina Struktur Carita Dongéng Manglé Alit Anu Medal Taun 2012 Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

Ku ayana pangalaman jeung pangaweruh diajar sastra saperti dongéng, dipiharep siswa bisa nimukeun jeung mikanyaho ajén-inajén positif nu nyangkaruk dina éta eusi karya sastra (dongéng). Sabab dongéng téh teu ngan saukur miboga fungsi hiburan, tapi dijeronan gé nyangkaruk ajén-inajén nu penting dina kahirupan saperti moral, sajarah, atikan, jeung réa-réa deui. Dongéng mangrupa karya sastra anu réa ngandung ajén moral.

Salaku mahluk nu miboga rasa jeung haté, manusa raket patalina jeung moral. Moral moal bisa leupas tina ukuran hadé goréngna kalakuan manusa. Saenyana mah moral téh lain ngan kudu dipiwanoah wungkul, tapi kudu diturutkeun jeung dilakonan, dina harti ngalakukeun sikep anu *bermoral* (moral nu hadé) jeung teu ngalakukeun sikep anu teu *bermoral* (moral nu goréng). Ajén moral perlu diajarkeun ti budak kénéh, sangkan dijadikeun cecekelan hirup kahareupna. Teu ngan saukur di lingkungan kulawarga, pangajaran moral perlu diajarkeun ogé di lingkungan atikan formal saperti sakola, sangkan barudak leuwih bisa ngajaga diri nyanghareupan kahirupan kiwari jeung nu bakal kasorang.

Minangka hasil kréativitas manusa salaku mahluk nu miboga sipat *bermoral* téa, éta ajaran-ajaran moral téh réa nu dibungkus dina wangun-wangun karya sastra, boh mangrupa sajak, carita pondok, novel, pupujian, kaasup dongéng. Karya sastra bisa dijadikeun média dina nepikeun ajaran moral. Kalawan tapis pisan para sastrawan atawa pangarang nembrakkeun eusi pikiran, imaji, jeung rasa moralitasna ngaliwatan karya-karyana, nepi ka ngajanggélék jadi karya sastra nu sarat moral. Ku kituna, teu ahéng deui mun réa panalungtikan ngeunaan ajén moral dina karya sastra. saperti panalungtikan anu dilakukeun ku para mahasiswa, contona “Ajén Moral dina Novel Rusiah nu Goréng Patut karangan Soekria-Joehana pikeun Bahan Pangajaran Aprésiasi Sastra di SMP” ku Lina Herlina (2005), “Ajén Moral dina Kumpulan Carpon karya Duduh Durahman” ku Dadang Yulianto (2006), “Ajén Moral dina Naskah Drama Cucunguk karya Yosep Iskandar” ku Hendi Perdiansyah (2007), jeung réa-réa deui.

Sok sanajan kitu, sikep moral masarakat jaman kiwari geus mimiti robah. Balukar tina parobahan pola pikir, gaya hirup, jeung kamajuan jaman. Réa nu geus nyapirakeun masalah moral. Karya-karya sastra nu euyeub ngandung ajén moral gé geus mimiti ditinggalkeun. Ku kituna perlu tarékah-tarékah anu dilakukeun sacara tuluy-tumuluy, patali jeung pangajaran ajén moral ka barudak generasi panerus. Contona, ngeunaan pangajaran ajén moral ngaliwatan pangajaran maca karya sastra (dongéng) di sakola.

Salah sahiji tarékah patali jeung mekarkeun deui pangajaran moral di sakola éta téh, saperti ngayakeun panalungtikan ngeunaan ajén moral dina dongéng. Panalungtikan ngeunaan dongéng ogé, kawilang loba dilakukeun. Tapi panalungtikan ngeunaan dongéng-dongéng nu aya dina média (majalah) mah, jiga nu can aya. Pikeun ngarojong pangajaran moral ngaliwatan pangajaran maca karya sastra di sakola, diperlukeun bahan-bahan pangajaran nu sakirana babari ditéangan boh ku guru boh ku siswa. Hal ieu miboga tujuan sangkan para siswa leuwih kairut pikeun diajar sastra, utamana ngeunaan sastra buhun saperti dongéng anu euyeub ngandung ajén moral.

Conto bahan pangajaran anu babari ditéangan téh, salah sahijina nya éta anu aya dina média atawa majalah-majalah nu sumebar di masarakat. Ku kituna, panyusun boga karep nalungtik ngeunaan dongéng-dongéng dina majalah *Manglé (Manglé Alit)* anu medal saminggu sakali. Widang nu rék ditalungtikna mah nya éta ajén moral dina struktur caritana (téma, tokoh, amanat). Ieu panalungtikan téh bisa dijadikeun salah sahiji alternatif pikeun milih bahan pangajaran maca di sakola, hususna di SMP. Ku lantaran kitu, panalungtikan ngeunaan *Ajén Moral dina Struktur Carita Dongéng Manglé Alit anu Medal Taun 2012 pikeun Bahan Pangajaran Maca di SMP*, perlu dilaksanakeun.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, masalah dina ieu panalungtikan medar ngeunaan ajén moral dina struktur carita dongéng anu ngawengku téma, tokoh, alur, latar, jeung amanat. Sangkan ambahanna teu lega teuing, ku kituna

Emah Rohimah, 2013

Ajén Moral Dina Struktur Carita Dongéng Manglé Alit Anu Medal Taun 2012 Pikeun Bahan Pangajaran Maca Di SMP

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

diwatesanan ku medar téma, palaku, jeung amanat dina dongéng *Manglé Alit* anu medal taun 2012. Dongéng-dongéng di luar *Manglé Alit* taun 2012 teu kaasup kana ieu objék panalungtikan. Ciri ajén moral anu dianalisis téh ngawengku tanggung jawab, ati nurani, kawajiban, jeung anu sipatna formal.

1.2.2 Rumusan Masalah

Saluyu jeung watesan masalah anu geus dipedar, masalah-masalah anu ditalungtik dirumuskeun saperti ieu di handap.

- 1) Kumaha struktur carita dongéng (téma, palaku, jeung amanat) nu aya dina dongéng *Manglé Alit* taun 2012?
- 2) Kumaha ajén moral nu nyangkaruk dina struktur carita (téma, palaku, jeung amanat) dongéng *Manglé Alit* taun 2012?
- 3) Dongéng-dongéng nu mana waé nu aya dina *Manglé Alit* taun 2012, anu luyu dijadikeun salah sahiji bahan pangajaran maca di SMP, dumasar kana analisis ajén moral dina struktur caritana (téma, palaku, jeung amanat)?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum dina ieu panalungtikan téh, nya éta pikeun ngadéskripsikeun ajén moral nu nyangkaruk dina struktur carita dongéng-dongéng majalah *Manglé (Manglé Alit)* anu medal taun 2012.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadéskripsikeun:

- 1) Struktur carita dongéng (téma, palaku, jeung amanat) nu aya dina dongéng *Manglé Alit* taun 2012;
- 2) Ajén moral nu nyangkaruk dina dongéng *Manglé Alit* taun 2012 dumasar kana struktur caritana; jeung
- 3) Dongéng-dongéng dina *Manglé Alit* taun 2012 anu luyu dijadikeun salah sahiji bahan pangajaran maca di SMP, dumasar kana ajén moral dina struktur caritana.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis, ieu panalungtikan téh dipiharep bisa nambahan pangaweruh nu macana, katut jadi salah sahiji referensi pikeun kapereluan-kapereluan anu aya pakaitna jeung panalungtikan ngeunaan dongéng-dongéng, nu aya dina média citak (majalah). Kitu deui ngeunaan dongéng nu ditalungtik, pikeun kapentingan akademik mah bisa dijadikeun pangdeudeul bahan pangajaran maca di SMP.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis, ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun :

- 1) Panalungtik, siswa, jeung umum, sangkan nambahan pangaweruh dina widang sastra, utamana ngeunaan ajén moral dina struktur carita nu nyangkaruk dina dongéng *Manglé Alit* taun 2012;
- 2) Guru, dimangpaatkeun jadi pangdeudeul pikeun milih jeung nangtukeun bahan pangajaran basa jeung sastra Sunda di sakola.

1.5 Raraga Tulisan

Sanggeus data réngsé dianalisis, tahap pamungkas dina ieu panalungtikan nya éta nyusun hiji laporan dina wangun skripsi. Raraga nulisna dibagi jadi lima bab nya éta saperti ieu di handap.

Bab I nya éta bubuka, anu eusina medar ngeunaan kasang tukang panalungtikan, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, mangpaat panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II nya éta tatapakan tiori, anu eusina medar ngeunaan ajén moral, dongéng, wangenan dongéng, papasingan dongéng, struktur dongéng, sajarah kamekaran *Manglé Alit*, jeung pangajaran maca dongéng.

Bab III nya éta métode panalungtikan, anu medar ngeunaan sumber data, desain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, jeung téhnik panalungtikan.

Bab IV nya éta déskripsi jeung analisis data, anu medar ngeunaan déskripsi jeung hasil analisis struktur carita dongéng-dongéng dina *Manglé Alit*,

hasil analisis ajén moral dina dongéng-dongéng *Manglé Alit*, bahan pangajaran maca dongéng, jeung conto bahan ajarna.

Bab V nya éta kacindekan jeung saran, anu eusina nyindekkeun hasil panalungtikan sarta méré saran pikeun panalungtikan kahareupna.

